

Title I
PFEP Summary
EVERGLADES PREPARATORY ACADEMY
(3398)

Deklarasyon Misyon

1.

Deklarasyon Misyon

Pwogram Tit 1 Everglades Preparatory Academy a ap fè efò pou konstwi relasyon ki kreye yon angajman familyal reyèl pou chak timoun, chak fanmi, ak chak pwofesè. Nou kwè ke lekòl efikas yo se rezilta dirèk lè lekòl yo, elèv yo, ak fanmi yo ap travay ansanm. Nan Everglades Preparatory Academy, nou angaje nou pou nou kolabore ak paran/moun k ap pran swen timoun yo pou nou bay yon anviwònman aprantisaj ki an sekirite e ki nourisan, yon anviwònman kote tout elèv yo ka aprann epi reyalize objektif yo pou yo resevwa yon diplòm lekòl segondè estanda. Se poutèt sa, nou kwè ke patisipasyon paran/moun k ap pran swen timoun yo enpòtan anpil pou nou reyalize misyon nou, ki se travay ansanm pou asire ke tout elèv yo pare pou kolèj, karyè, oswa travay apre yo fin resevwa diplòm lekòl segondè yo avèk siksè.

Reyinyon Anyèl pou Paran yo

1.

Ki dat, ki lè ak ki kote egzakteman reyinyon anyèl la ap fèt?

Reyinyon Anyèl pou Paran Pwogram Title I a ap fèt nan dat 7 Oktòb 2026, ant 9:00 ak 10:00 nan maten epi ant 3:00 ak 4:00 nan apremidi, nan Biwo Sèvis pou Elèv yo (Student Services Office). Y ap bay yon lyen pou paran ki pa ka vini an pèsòn.

Fòmasyon pou Paran

•

Non Fòmasyon an

Konprann Kondisyon pou Gradyasyon pou Ane Eskolè 2027 (SY27)

•

Ki estrateji, konpetans oswa pwogram espesifik paran yo pral aprann aplike avèk pitit yo lakay yo?

Paran/gadyen yo pral konprann kondisyon pou gradyasyon ki espesifik pou gwoup (oswa "kohòt") gradyasyon pitit yo a, ansanm ak nenpòt nouvo kondisyon ki gen rapò ak kourikoulòm nan.

•

Dat Fòmasyon an

Desanm 2026 - Janvyè 2027

•

Non Fòmasyon an

Fòmasyon sou Pòtay Fanmi (Family Portal) ak Evalyasyon

•

Ki estrateji, konpetans oswa pwogram espesifik paran yo pral aprann aplike avèk pitit yo lakay yo?

Paran/gadyen yo pral aprann kijan pou yo jwenn aksè nan Pòtay Fanmi (Family Portal) eta a epi revize/analize/konprann rezilta tèks pitit yo.

-

Dat Fòmasyon an
Novanm 2026

-

Non Fòmasyon an

Konprann Platfòm Kourikoulòm sou Entènèt yo - Savaas, Newsela, Reading Plus, ak Google Classroom

-

Ki estrateji, konpetans oswa pwogram espesifik paran yo pral aprann aplike avèk pitit yo lakay yo?

Paran ak gadyen yo pral aprann sou platfòm sou entènèt yo itilize nan Everglades Preparatory Academy pou bay ansèyman. Paran/gadyen yo pral patisipe aktivman nan konekte nan sistèm nan avèk pitit yo epi navige sou platfòm la. Pou platfòm ki gen kont oswa aksè pou paran, paran/gadyen yo pral aprann kijan pou yo jwenn aksè nan kont sa yo. N ap ede paran yo konekte, men yon fwa yo sou platfòm yo, y ap gide yo avèk kesyon pou ede yo navige epi jwenn enfòmasyon espesifik n ap mande yo a.

-

Dat Fòmasyon an
Septanm 2026

Kominikasyon

- konpetans; sware kourikoulòm, Reyinyon Tit 1, Reyinyon Anyèl Tit I, konferans paran/pwofesè, reyinyon IEP, rapò pwogrè, kat rapò, ak rezilta evalyasyon. Lekòl la pral devlope prezantasyon PPT ki detaye estanda BEST yo ak egzijans siveyans pwogrè ki aliye ak nouvo Tès FAST la. • Deskripsyon

EPA ap avize paran/fanmi yo sou dwa yo pou patisipe nan pran desizyon konsènan edikasyon timoun yo atravè anons atravè Student Information System, nan Reyinyon Anyèl Tit I a, atravè envitasyon pou reyinyon SBT ak IEP yo.

-

Deskripsyon

Reyinyon yo ap pwograme nan diferan lè fleksib pou akomode bezwen paran/fanmi yo.

Reyinyon anyèl TIT 1 nou an ap ofri an pèsòn ak sou entènèt, nou pral bay paran yo lyen Zoom pou yo ka patisipe sou entènèt si sa nesesè. Fòmasyon paran yo ap ofri an pèsòn ak sou entènèt, konsa tout paran yo gen opsyon an. Konferans paran yo pandan tout ane lekòl la, paran yo gen opsyon pou yo patisipe an pèsòn, pa telefòn, oswa sou entènèt tou. Nou pral ofri reyinyon pou elèv ki nan dènye ane yo nan maten ak nan apre midi pou akomode orè paran yo.

Deskripsyon

EPA pral kominike avèk paran yo ak fanmi yo atravè sit entènèt lekòl la, feyè, GoogleMeet, Call Multiplier, ak atravè Student Information System. Student Information System se prensipal zouti kominikasyon paran/elèv la. Kominikasyon an pral tradui an panyòl, kreyòl Ayisyen, ak pòtigè.

-

Deskripsyon

EPA pral òganize omwen de evènman angajman paran ak fanmi ki adrese dirèkteman kourikoulòm ak nivo konpetans. Omwen yon evènman pral espesifik pou elèv ki gradye nan dènye ane yo. Enfòmasyon yo pral voye lakay atravè sit entènèt, feyè, ak Student Information System.

-

Deskripsyon

Evènman angajman paran ak fanmi ki adrese dirèkteman kourikoulòm ak nivo

Aksesibilite

-

Deskripsyon

Yo pral tradui tout dokiman yo an panyòl, kreyòl ayisyen, franse ak pòtigè.

-

Deskripsyon

EPA pral bay espas pakin aksesib pou fanmi ki gen manm ki gen limit fizik; reyinyon yo ap fèt toupre antre a; epi y ap bay chèz toupre antre a pou paran ak fanmi ki gen andikap, san konte sipò oral ak vizyèl jan sa nesesè.

-

Deskripsyon

EPA pral rankontre ak fanmi migran yo an gwoup apa pou asire yo konnen dwa yo ak enfòmasyon ki gen rapò ak lalwa. Y ap voye enfòmasyon bay paran yo lakay yo konsènan sèvis ak dwa migran yo, espesyalman sèvis leson patikilye.

-

Deskripsyon

EPA pral fè yon sondaj nan mitan elèv yo pou jwenn enfòmasyon sou elèv nou yo ki san kay. Nou pral rankontre ak elèv sa yo an prive (youn pa youn) pou asire yo konnen dwa yo ak enfòmasyon ki nesesè yo. Epiou, n ap kolabore ak Depatman Distri a ki responsab dosye moun san kay/MVP pou jwenn plis resous.